**दिन–रविवार** **दिनांक–27.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी डिजिटल अरेस्ट के लऽकऽ चिंता प्रकट कयलनि अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे आइ श्री मोदी अपन विचार साझा करैत कहलनि जे कानूनन किनको डिजिटल अरेस्ट नहि कयल जा सकत। ओ स्पष्ट कयलनि जे डिजिटल अरेस्ट के नाम पर भऽ रहल फर्जीवाडा के रोकबाक लेल सभ जांच एजेंसी मिलि कऽ काज कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कार्यक्रम मे एक पीड़ित आ जालसाजक मध्य भेल बातचीत के सेहो सुनौलनि। बातचीत मे जालसाज अपना के पुलिस, सीबीआई अथवा नारकोटिक्स विभागक अधिकारी कहि रहल अछि। एहन जालसाज पीड़ित सँ व्यक्तिगत सूचना लऽकऽ भय के माहौल उत्पन्न करैत छथि। श्री मोदी लोकसभ सँ अपील कयलनि जे एहन फर्जी कॉल अयबा पर भयभीत नहि होइ।

---

प्रधानमंत्री डिजिटल सुरक्षा के लेल तीन उपाय पर चर्चा कयलनि। ई उपाय अछि–**रूको, सोंचो और करो।** ओ एहन स्थिति उत्पन्न भेला पर लोकसभ के शांत रहबाक आ व्यक्तिगत सूचना किनको सँ साझा नहि करबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे संभव अछि जे एहन क्षणक  स्क्रीन शॉट लेबाक चाही आ बातचीत के रिकॉर्ड करबाक चाही। प्रधानमंत्री लोकसभ के एहि मामिला मे सलाह लेल साईबर हेल्पलाईन नंबर– एक नओ तीन शून्य डायल करबाक आ वेबसाईट साईबर क्राइम डॉट जीओवी डॉट इन पर मामिलाक जनतब देबाक सलाह देलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे साईबर फर्जीबाड़ाक शिकार लोकसभ के जागरूकताक प्रसार सेहो करबाक चाही। एहि लेल हैशटेग सेफ डिजिटल इंडियाक उपयोग कयल जा सकैत अछि।

---

प्रधानमंत्री आत्मनिर्भर भारत अभियानक सफलता पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे ई अभियान देशक सामूहिक चेतनाक अंग बनि गेल अछि। प्रधानमंत्री पावनि–तिहारक एहि मौसम मे खरीददारी करऽ मे वोकल फॉर लोकल के मंत्र ध्यान मे

रखबाक सेहो अपील कयलनि। मन की बात मे प्रधानमंत्री फिट इंडियाक विषय मे सेहो गप कयलनि। ओ संतोष व्यक्त कयलनि जे लोक फिटनेस के लऽकऽ बेसी जागरूक भऽ रहल छथि। श्री मोदी एहि वर्ष एकतीस अक्टूबर के दिवालीक अवसर पर सरदार पटेलक जयंतीक उल्लेख करैत कहलनि जे एहि कारणे रन फॉर यूनिटी एहि वर्ष उनतीस अक्टूबर के आयोजित होयत। श्री मोदी मन की बात कार्यक्रम मे लोकसभ के आगामी धनतेरस, दिवाली, छठि पूजा आ गुरूनानक जयंतीक शुभकामना देलनि।

———————————————————

सीवानक पूर्व सांसद मोहम्मद शहाबुद्दीनक पत्नी हीना शहाब आ हुनक पुत्र ओसामा शहाब आइ राजदक सदस्यता ग्रहण कयलनि। राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद हिनका लोकनि के पार्टीक प्राथमिक सदस्यता ग्रहण करबौलनि। एहि सँ पूर्व तेजस्वी यादव संवाददाता लोकनि सँ हिनका सभ के पार्टी मे सम्मिलित हेबाक घोषणा कयलनि। विदित अछि जे हीना शहाब राजद नेतृत्व सँ नाराज छलीह आ लोकसभा चुनाव मे निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे सीवान संसदीय क्षेत्र सँ चुनाव लड़ल छलीह। दोसर दिस भारतीय क्रिकेटर ईशान किशनक पिता प्रणव पांडे आइ जदयू मे सम्मिलित भऽ गेलाह। जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आ प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा हुनका पार्टीक सदस्यता दिऔलनि।

———————————————————

झंझारपुर–लौकहा रेलखंड पर पछिला आठ साल सँ बंद पड़ल रेलसेवा के बहाली के लऽकऽ आइ स्थानीय लोक शांतिपूर्ण प्रदर्शन कयलनि। विदित अछि जे एहि रेलखंडक उद्घाटन पछिला सत्रह सितंबर के क्षेत्रीय सांसद द्वारा हेबाक छल। मुदा, कोनो कारणवश ई स्थगित भऽ गेल।

———————————————————

सुप्रसिद्ध गायिका शारदा सिन्हाक तबीयत मे कनेक सुधार भेल अछि। हुनक पुत्र अंशुमान आइ हुनक प्रशंसक लोकनि सँ शारदाजी लेल प्रार्थना करबाक अनुरोध कयलक अछि।

———————————————————

चक्रवातीय तूफान दानाक प्रभाव प्रदेशक विभिन्न भाग मे एखनहुँ बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम मध्यम स्तरक बरखा दर्ज कयल गेल अछि। मुंगेर मे सभ सँ बेसी चौरासी मिलीमीटर

बरखा रिकॉर्ड कयल गेल। एम्हर, राजधानी पटना समेत लगपासक क्षेत्र मे सेहो मेघ लागल अछि आ कतहु–कतहु आंशिक बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि प्रदेशक मौसम मे कोनो बदलाव नहि होयत।

———————————————————

राज्य आपदा प्रबंधन विभाग स्कूल सभ मे आपदा प्रबंधन समिति गठित करबाक मामिला मे वैशाली जिला के प्रथम स्थान देलक अछि। ओतहि, पूर्णियां दोसर आ अरवल तेसर स्थान पर अछि।

———————————————————

बिहार आ कर्नाटकक मध्य पटनाक मोईनउलहक स्टेडियम मे रणजी ट्रॉफी मोकाबिला मे आइ दोसर दिनक खेल मैदान गिल हेबाक आ रोशनी कम हेबाक कारणे नहि भऽ सकल।

———————————————————

समाप्त